# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлерди аттестациядан өткериў процессинде оқыў пәни бойынша қәнигелик (тест) сынаўларын нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм өткериў, Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 14-апрельдеги 18- ҳәм 29-санлы қоспа қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

**1.** Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 14-апрельдеги “Халық билимлендириў системасында жумыс ислеп атырған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында”ғы 18- ҳәм 29-санлы қоспа қарары мағлыўмат ҳәм орынлаў ушын қабыл етилсин.

**2.** Усы қоспа қарар менен Халық билимлендириў системасындағы екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў бойынша исши топар қурамы 1-қосымшаға, Халық билимлендириў системасындағы екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў тәртиби ҳаққындағы Көрсетпе 2-қосымшаға ҳәм Халық билимлендириў системасындағы екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўлары нәтийжелеринен наразы болған педагог хызметкерлердиң мүражатларын көрип шығыў бойынша исши топар қурамы 5-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**3.** Аудиторияларда қәнигелик (тест)сынаўлары процессин бақлап ҳәм қадағалап барыў ушын қәнигелер бекитиў бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 16-апрельдеги 73-х-санлы буйрығы қабылланғанлығы мағлыўмат ҳәм орынлаў ушын қабыл етилсин.

**4. Төмендегилер:**

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў бойынша исши топар қурамы 1-қосымшаға муўапық;

Екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў бойынша ис-илажлар режеси 2-қосымшаға муўапық;

Екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў кестеси 3-қосымшаға муўапық;

Екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўлары нәтийжелери бойынша келип түскен мүражатларын көрип шығыў бойынша исши топар қурамы 4-қосымшаға муўапық;

Екинши қәнигелик категориясына талабан, қәнигелик (тест) сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлердиң карантин ҳәм пандемия қағыйдаларына қатаң әмел қылған ҳалда әдиллик ҳәм ашық айдын ҳәмде тастыйықлаўшы ҳужжетлери менен кириўин тәмийинлеў ушын жуўапкерлер топары 5-қосымшаға муўапық;

Екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларына қатнаспай қалған муғаллимлерди анықлаўшы жуўапкерлер 6-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**5.** Екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң оқыў пәнлери бойынша қәнигелик (тест) сынаўлары 2021-жылдың 19-30-апрель күнлери Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң Хабар-ресурс орайы базасында өткерилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**6.** Билим сыпаты мониторинг бөлими (Ҳ.Бегдуллаев)не:

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлер ҳаққындағы мағлыўматлар ҳәм қәнигелик (тест) сынаўлары процессине жуўапкер хызметкерлер дизимин қәлиплестириў;

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң оқыў пәнлери бойынша қәнигелик тест сынаўларын жоқары дәрежеде өткериў ушын ис-илажлар ислеп шығыў ҳәм тастыйықлатыў;

педагог хызметкерлерди жоқарыдағы қарардың қосымшасына муўапық екинши қәнигелик категориясына талабан ҳәр бир педагог хызметкерлерди қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў тәртиби ҳаққындағы Көрсетпе (кейинги орынларда Көрсетпе деп жүритиледи) менен таныстырыў;

қәнигелик (тест) сынаўлары өткерилетуғын орынларға ҳәм аудиторияларға кириўде қатнасыўшылардың дене температураларын (контактсыз) өлшеў ушын термометрлер, тери ушын антисептик еритпелери ҳәм басқада антисептикалық қураллар менен тәмийинлеўди шөлкемлестириў;

тест сынаўлары күнлери тест тапсырыўшы талабанларды аудиторияларға тәртипли тәризде өз ўақтында алып кириў, тест процессин қадағалаў, тест процесси тамамланғаннан кейин оларды шығарып салыў ушын жуўапкерлерди бекитиў ҳәм ўазыйпаларын түсиндириў;

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўлары нәтийжелери ҳәм жуўмақлары бойынша усы жылдың 10-май сәнесине шекем мағлыўмат киритиў ўазыйпасы жүклетилсин.

**7.** Мәлимлеме хызмети (баспа сөз хаткери Т.Даулетмуратов)не педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўлары процесслерин веб-сайтларда, социаллық тармақларда ҳәмде ғалаба хабар қуралларында кең түрде жәриялап барыў усыныс етиледи.

**8.** Атқарыў тәртиби ҳәм мүражатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев) бир күн мүддетте усы буйрықтың барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери жуўапкерлерине жеткерилип берилиўин тәмийинлесин.

**9. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

улыўма билим бериў мектеплериндеги екинши кәсиплик категориясына талабан педагог хызметкерлери ушын 2021-жылдың 19-30-апрель күнлери

қәнигелик (тест) сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлердиң ўақтында жетип келиўин, толық қатнасыўын тәмийинлеў  ҳәм қадағалап барыў ушын жуўапкер бекитиў;

аттестацияға қатнасыўшы ҳәр бир педагог хызметкерлерди жоқарыдағы қарар менен тастыйықланған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў тәртиби ҳаққындағы Көрсетпе менен таныстырыў;

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлер тест сынаўлары өткерилетуғын орынға өзиниң шахсын тастыйықлаўшы **пуқаралық паспорты** менен келиўин тәмийинлеў;

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлерди аттестациядан өткериў ушын орнатылган тәртипте билимлендириў мәкемелеринде аттестация комиссияларының дүзилгенлигин есапқа алған ҳалда, олардың жумыс алып барыўын қадағалаў;

улыўма билим бериў мектеплеринде дүзилген эксперт топары ағзаларының аттестацияға қатнасыўшы педагог хызметкерлердиң бирлемши ҳүжжетлерин (портфолиосы) әдиллик принциплерине әмел қылған ҳалда үйрениўин тәмийинлеў;

екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўлары нәтийжелери ҳәм жуўмақлары бойынша усы жылдың 7-май сәнесине шекем министрликке мағлыўмат киритиў;

аттестация комиссиялары қарарына муўапық екинши қәнигелик категориясын алған педагог хызметкерлер ушын тийисли сертификатларды алыў ушын министрликтиң аттестация комиссиясына орнатылган тәртипте буйыртпалар бериў;

билимлендириў мәкемелеринде өткерилген аттестация нәтийжелерине бола бир ай мүддетте екинши қәнигелик категориясы сертификатларының алыныўын ҳәм орнатылган тәртипте педагог хызметкерлерге жеткерилиўин тәмийинлеў;

тест сынаўлары процессинде ушырасқан машқала ҳәм кемшиликлерди өз ўақтында сапластырыў илажларын көриў ўазыйпасы жүкленсин.

**10.** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 30-сентябрьдеги “Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған екинши кәсиплик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң оқыў пәнлери бойынша қәнигелик (тест) сынаўларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында”ғы 168-санлы буйрығы Өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

**11.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши ў.ў.а Қ.Бекбаулиевке жүклетилсин.

**Министр** QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 15 - Апрель
№ 103/1

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021 - жыл ______ - Апрель
______ -санлы буйрығына
1-қосымша

**Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған екинши қәнигелик категориясына талабан педагог хызметкерлердиң қәнигелик (тест) сынаўларын өткериў бойынша исши топар қурамы.**

| к/с | Ф.А.Ә | Лаўазымы | Комиссия қурамындағы лаўазымы |
|---|---|---|---|
| 1. | Бекбаулиев Қуўатбай Өскинбаевия | Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а | Комиссия баслығы |
| 2. | Кунназаров Ильясбай Сарсенбаевич | Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясы, аймақлық бөлими баслығы | Комиссия орынбасары |
| 3. | Бегдуллаев Ҳамидулла Нағметуллаевич | Министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлими баслығы | ағза |
| 4. | Жубанов Қуўаныш Аймуратович | Республикалық оқыў-методикалық орайы баслығы | ағза |
| 5. | *Худайбергенов Рузимбой* Турсинбаевич | *Министрликтиң ХКТ бөлими* баслығы | ағза |
| 6. | Жуманиязов Сатнияз Қулниязович | Министрликтиң кадрлар бөлими баслығы | ағза |
| 7. | Бердимуратов Қуўанышбай Генжебаевич | Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясы, аймақлық бөлими бас қәнигеси | ағза |
| 8. | Торемуратов Мамбеталый Кутекеевич | Министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси | ағза |
| 9. | Узакбергенов Рустамбек Арысланбаевич | Министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлими қәнигеси | Комиссия хаткери |

**Ескертиў:** Исши топар ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда топар қурамына олардың лаўазымларына тайынланған хызметкерлер ямаса жуўапкершилигине тийисли ўазыйпалар жүклетилген хызметкерлер киритиледи.

Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорлары исши топар ағзалары есапланылады.